# 2019-jil 1-dekabr jaǵdayına yuridikalıq shaxs bolǵan kárxanalar hám shólkemler demografiyasi boyınsha analizlew maǵlıwmat

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*

Mámleketimizde qolay isbilermenlik ortalıǵın jaratıw hám isbilermenlikti jedel rawajlandırıw boyınsha qatar unemlı ózgerisler ámelge asırılıp atır. Óz ornında, isbilermenlik sub'ektlerin mámleketlik diziminen ótkeriw hám esapqa aliw boyınsha da nızamshılıqda za’ru’rli qararlar qabıl etilip, mámleketlik diziminen ótkeriw hám esapqa aliw avtomatlastırılgan sisteması basqıshpa-basqısh islep shıǵılıp, ámeliyatǵa nátiyjeni ámelde qollanıw engizilmekte. Bul xalıq hámde shet el qarjı investrlari óz jeke biznesin jolǵa qoyıw hám rawajlandırıw ushın za’ru’rli faktor bolıp xizmet etip atır.

2019-jıldıń yanvar-noyabr aylarında Respublikamizda 3611 kárxanalar hám shólkemler jańadan dúzildi, bulda bolsa ótken jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 1177 ge o'sken.

Nátiyjede, dizimnen ótken kárxana hám shólkemler sanı ótken jıldıń sol dáwirine salıstirǵanda 2844 (17,8 %) ge ósińki hámde olardıń ulıwma sanı 18807 ni quraydi.



## Dizimden ótken kárxana hám shólkemler

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*

2019-jıldıń 1-dekabr jaǵdayına 18807 kárxanalar hám shólkemler dizimnen ótken bolıp, ótken jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 17,8 %ge ósken.Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha jamine salıstırǵanda 22,8 % sawda,12,5 % sanaat, 11,7 % qurılıs, 11,3 % awıl, orman hám balıq xojalıǵı, 6,2 % jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler, 4,6 % tasıw hám saqlaw, 1,8 % málimleme hám baylanıs, 1,9 % den sawlıqtı saqlaw jáne socialliq xızmetler hámde 27,2 % basqa xizmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

## Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha dizimden ótken kárxanalar hám shólkemlerdiń úlesi, %

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*



## Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha dizimnen ótken kárxanalar hám shólkemler

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*

| | Ulıwma sanı, birlik | | 01.12.2019 jil | |
|---|---|---|---|---|
| | 01.12.2018 jil | 01.12.2019 jil | Ótken jılǵa salıstırǵanda ósimi, % | Jámine salıstırǵanda, % |
| **Jámi** | **15963** | **18807** | **117,8** | **100** |
| *sonnan:* | | | | |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında | 1962 | 2125 | 108,3 | 11,3 |
| Sanaatta | 1802 | 2355 | 130,7 | 12,5 |
| Qurılısta | 1732 | 2193 | 126,6 | 11,7 |
| Sawda | 3284 | 4292 | 130,7 | 22,8 |
| Tasıw hám saqlaw | 774 | 864 | 111,6 | 4,6 |
| Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde | 937 | 1168 | 124,7 | 6,2 |
| Málimleme hám baylanıs | 312 | 338 | 108,3 | 1,8 |
| Den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiw | 295 | 364 | 123,4 | 1,9 |
| Basqa xızmet túrleri | 4865 | 5108 | 105,0 | 27,2 |

Rayonlar kesiminde dizimnen ótken kárxana hám shólkemler sanı eń ko'bi Nókis qalası (5816), Tórtkul (1938), Beruniy (1573) hám Amudarya (1391) rayonları úlesine tuwrı keledi. Kerisinshe Taxtako'pir (347), Moynaq (409) hámde Shomanay (461) rayonlarında kárxanalar sanı tómen dárejede ekenligin kóriwimiz mumkin.

## Hárekettegi kárxana hám shólkemler

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*

Hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı 18370 di quraydi, ótken jılǵa salıstirilǵanda 2886 ǵa (18,6 %) ósken.

Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha jámi hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń ulıwma sanına salıstırǵanda 22,8 % sawda, 12,6 % sanaat, 11,8 % qurılıs, 11,1 % awıl, orman hám balıq xojalıǵı, 6,2 % jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler, 4,6 % tasıw hám saqlaw, 1,8 % málimleme hám baylanıs, 2,0 % den sawlıqtı saqlaw jáne socialliq xızmetler kórsetiw hám 27,1 % basqa xizmet túrleri úlesine tuwri keledi.

## Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler úlesi

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*




Rayonlar kesiminde qaralǵanda, hárekettegi kárxana hám shólkemler sani eń ko'bi Nókis qalası (5739), Tórtkul (1841), Beruniy (1543) Amudarya (1331) hám Ellikqala (1164) rayonlar úlesine tuwrı keledi. Kerisinshe, Taxtako'pir (332), Mo'ynaq (404) hámde Shomanay (456) rayonlarında kárxanalar sanı tómen dárejede ekenligin kóriwimiz mumkin.

## Rayonlar kesiminde hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, birlikte

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*




## Jańadan ashilǵan kárxanalar hám shólkemler

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*

2019-jıl yanvar-noyabr aylarında 3611 kárxana hám shólkemler jańadan ashilǵan bolıp, bul kórsetkish 2018-jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 48,4 % ge ósken.

## 2015-2019 jillar ushin yanvar-noyabr aylarında jańadan ashilǵan kárxanalar hám shólkemlerdiń jıllar kesiminde sanı, birlikte

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*




Jańadan ashilgan kárxana hám shólkemlerdiń tiykarǵı bólegi Nókis qalası (1065), Tórtkul (366), Beruniy (265) hám Amudarya (251) rayonlar úlesine tuwrı keledi. Kerisinshe, Taxtako'pir (62), Qanliko'l (91) hámde Shomanay (93) rayonlarında kárxana hám shólkemler kórsetkishi tómen dárejede.

## 2019-jıldıń yanvar-noyabr aylarında jańadan ashilǵan kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar boyınsha sanı, birlikte

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*




Ekonomikalıq xizmet túrleri boyinsha, eń ko'p sawda (1221), sanaat (703), qurılıs (524) hám awıl, orman hám balıq xojalıǵı (300) tarawlarında islengen. Eń kemi bolsa tasıwhám saqlaw (124) den sawlıqtı saqlaw jáne socialliq xızmetler (73), málimleme hám baylanıs (64) hámde iskerlik túrleri úlesine tuwrı kelgen.

## 2019-jıldıń yanvar-noyabr aylarında jańadan ashilǵan kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xizmet túrleri bouinsha sanı, birlikte

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*




## Kommercialiq kárxanalar

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*

2019-jıl 1-dekabr jaǵdayına 14719 kommercialiq kárxana hám shólkemler iskerlik kórsetip atırǵan bolıp, sonnan jeke kárxanalar - 3141, shańaraq kárxanalari - 998, juwapkershiligi sheklengen jámiyetler - 10277, unitar kárxanalar - 129, aksiyanerlik jámiyetler - 27 hám basqalar 147 ti shólkemlesken.

## Klassifikator boyınsha hárekettegi kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı, birlikte.

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*




## Shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar

2019-jıl 1-dekabr jaǵdayına hárekettegi shet el kapital qatnasıwındaǵı kárxanalar sanı 151 di quraydi. Ótken jılǵa salıstırǵanda 35 yaǵni 30,2 % ge ósken. Usı kárxanalardıń tiykarǵı bólegi Kitay Xalıq Respublikası, Rossiya Federatsiyası, Kazaxstan Respublikası hám Kareya Respublikası úleslerine tuwrı keledi.

2019 -jıl 1-dekabr jaǵdayına shet el kapital qatnasındaǵi hárekettegi kárxana hám shólkemler 151 bolıp, bul kárxana hám shólkemlerdiń tiykarǵi bólegi Nókis qalasında (34), Moynaq (23), Taxiatas hám Kegeyli (10), Beruniy hámde Nokis (9) rayonlar úlesine tuwri keledi. Eń kemi Tórtkul, Xojeli hám Shimbay (4 den) rayonlarında gúzetilgen.

## Shet el kapital qatnasıwındaǵı háreketteg kárxanalardıń jıllar kesiminde sanı, birlikte




## Shet el kapital qatnasıwındaǵı háreketteg kárxanalardıń mámleketlik kesimindeǵı sanı, birlikte




Sonıń menen birge, shet el kapital qatnasıwındaǵı háreketteg kárxanalardin 85 qospa kárxanalar, 66 bolsa shet el kárxanalarin quradi.

## Shet el kapital qatnasındaǵı hárekettegi kárxanalar quramında qospa kárxanalar hám shet el kárxanalar sanı, birlikte




## Rayonlar kesiminde shet el kapital qatnasıwındaǵı kárxanalardıń aktivlik dárejesi, %



## Hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemler sanı, birlikte

| | kárxana sani | Jámine salıstırǵanda úlesi, % |
|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | **151** | **100** |
| *rayonlar:* | | |
| Ámudarya | 6 | 4,0 |
| Beruniy | 9 | 6,0 |
| Qaraózek | 11 | 7,3 |
| Kegeyli | 10 | 6,6 |
| Qońırat | 6 | 4,0 |
| Qanlıkól | 6 | 4,0 |
| Moynaq | 23 | 15,2 |
| Nókis | 9 | 6,0 |
| Taqıyatas | 10 | 6,6 |
| Taxtakópir | 5 | 3,3 |
| Tórtkúl | 4 | 2,6 |
| Xojeli | 4 | 2,6 |
| Shımbay | 4 | 2,6 |
| Shomanay | 5 | 3,3 |
| Ellikqala | 5 | 3,3 |
| Nókis q. | 34 | 22,6 |

## Ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha háreketteli shet el kapital qatnasındağı kárxanalar sanı, birlikte




## Jańadan ashilǵan shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar

2019 -jıldıń yanvar-noyabr aylarında shet el kapital qatnasındaǵı jańadan ashilǵan kárxanalardıń sanı 34 ti quradi. Bul kórsetkish ótken jılǵa salıstırǵanda 3 kárxanaǵa kóbeygen.

Rayonlar kesiminde, shet el kapital qatnasındaǵı jańadan ashilǵan kárxanalardıń tiykarǵı bólegi Nókis qalasi (12 yamasa jámine úlesi 35,3 %), Moynaq rayoni (5 yamasa 14,7%) Qarao'zek rayoninda (4 yamasa 11,8%) Beruniy hám Tórtkul rayoninda (3 yamasa 8,8%) úleslerine tuwrı keledi. Eń kem shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar Amudarya, Kegeyli, Qanliko'l, Nókis, Taxiatash, Shomanay hám Ellikkala rayonları (1 den yamasa 2,9 %) úleslerine tuwrı keledi.

## 2019 -jıldıń yanvar-noyabr aylarında jańadan ashilǵan shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń mámleketlikler kesimindegi sanı, birlikte




Kitay Xalıq Respublikası rezidentleri kapitalı qatnasında - 12, Kazaxstan Respublikası – 7, Kareya Respublikası -5, Rossiya Federatsiyasi, Turkmenistan, Respublikası hámde Britaniyaning Virginiya Aralları mámleketlerinde - 2 den, Niderlandiya Patshalıǵı, Turkiya Respublikası, Avganistan hám Gruzya Respublikasi - 1 den kárxanalar jańa dizimden ótken.

Jańa ashilǵan shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardı ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha tiykarınan sanaat (14), sawda (8, awıl, orman hám balıq xojalıǵı (7) ), qurılıs (3) xizmet túrleri úlesine tuwrı keledi. Eń kemleri bolsa den sawlıqtı saqlaw jáne socialliq xızmetlerde hámde tasıw hám saqlawda (1 den) xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

## 2019 -jıldıń yanvar-noyabr aylarında jańadan ashilǵan shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha sanı, birlikte




## Kishi kárxana hám mikrofirmalar

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*

2019-jıl 1-dekabr jaǵdayına Respublikamizda hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardin sanı 14645 ti quraydi. Bul kórsetkish 2018-jıl 1- dekabr jaǵdayına salistirǵanda 22,2 % ge ósken. Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardin tiykarǵı bólegi, yaǵnıy 4850 (33,1 %) Nókis qalası, 1581 (10,8 %) Tórtkul, 1245 (8,5 %) Beruniy hámde 1025 (7, 0 %) Amudarya rayonları úleslerine tuwrı keledi.

## Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardiń aymaqlar kesiminde jamine úlesi

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*

### Kishi isbilermenlik subektleri eń úlken úlesi

- Nukis q. 33,1 %
- To'rtkúl 10,8 %
- Beruniy 8,5 %
- Amudarya 7,1 %
- Ellikqala 6,2 %
- Qońirat 5,3 %
- Xojeli 4,6 %
- Nókis 4,4 %

### Kishi isbilermenlik subektleri eń kishi úlesi

- Shimbay 3,3 %
- Qaraózek 3,0 %
- Taxiaytas 2,8 %
- Kegeyli 2,8 %
- Qanlikól 2,4 %
- Shomanay 2,2 %
- Moynaq 2,1 %
- Taxtakópir 1,5 %
- Bozataw 0,1 %

Ekonomikalıq xizmet túrleri kesiminde hárekettegi jámi 14645 ta kishi kárxana hám mikrofirmalardiń 4173 (28,5 %) - sawda, 2281 (15,6%) -sanaat, 2152 (14,7 %) -qurılıs, 1983 (13,5 %) -awıl, orman hám balıq xojalıǵı, 1131 (7, 7 %) -jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawı, 839 (5,7 %) -tasıw hám saqlaw, 286 (2,0 %) -málimleme hám baylanıs tarawı, 263 (1,8 %) -den sawlıqtı saqlaw jáne socialliq xızmetler kórsetiw, sonıń menen birge 1537 (10, 5 %) - basqa xizmet túrleri úleslerine tuwrı keledi.

**Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardiń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha úlesi, %**

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*




2019-jıl yanvar-noyabr aylarında 3421 kishi kárxana hám mikrofirmalar jańadan ashilǵan. Ótken jılǵa salıstırǵanda 71,5 % asqan. Eń kóp jańadan ashilǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar Nókis qalası (1006), Tórtkul (350), Amudarya (243) hám Beruniy rayonları (239) úlesine tuwrı keledi. Eń kem Taxtako'pir (59), Qanliko'l (89), Shomanay (90) hámde Qarao'zek (106) rayonlarında guzetiledi.

## 2019-jıldıń yanvar-noyabr aylarında jańadan ashilǵan kishi kárxana hám mikrofirmalardiń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha sanı, birlikte

*(fermer hám dıyxan xojalıqlarıdan basqa)*




Ekonomikalıq xizmet túrleri kesiminde bolsa eń ko'p sawdada (1221), sanaatda (703), qurılısda (523) hám awıl, orman hám balıq xojalıǵında (297)ni quraǵan. Eń kem tasıw hám saqlawda (124), málimleme hám baylanısda (64) hámde den sawlıqtı saqlaw jáne socialliq xızmet ko'rsetiwde (53) ti quradi.

## Shańaraq kárxanalar

Yuridikalıq shaxs sıpatında mámleketlik diziminen ótken shańaraq kárxanalar sanı 2019-jıldıń 1-dekabr jaǵdayına 1030 bolip, olardan 998 yamasa 96,9 % ti quradi. Bul kórsetkish ótken jılǵa salıstırǵanda mámleketlik diziminen ótkenlerdiń hámde xizmet kórsetip atırǵanlardıń ulıwma sanı ortasha 55,6 % ke asqanlıǵın kóriwimiz mumkin.

## Shańaraq kárxanalar sanınıń ósiw dinamikası, birlikte




## Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń rayonlarkesimindegi sanı, birlikte



Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xizmet túrleri kesiminde kóretuǵin bolsaq olardıń 27,9 % yamasa 278 sanaat, 24,9 % yamasa 249 jasaw hám awqatlanıw xızmetlerin, 27,7 % yamasa 276 sawda, 5,9 % yamasa 59 awıl, orman hám balıq xojalıǵı, 0,5 % yamasa 5 tasıw hám saqlaw, 2,2 % yamasa 22 den sawlıqtı saqlaw jáne socialliq xızmetler kórsetiw, 1,0 % yamasa 10 qurılıs, 1,7 % yamasa 17 málimleme hám baylanıs hámde 8,2 % yamasa 82 basqa xizmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

## Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha úlesi%




Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xizmet túrleri kesiminde kóretuǵin bolsaq olardıń, eń ko'p sanaat, sawda hámde jasaw hám awqatlanıw xızmetlerin, eń kemi bolsa qurılıs hámde tasıw hám saqlaw xizmet túrleri úlesine tuwrı keledi

.

## 2019-jıldıń yanvar-noyabr aylarında jańadan ashilǵan shańaraq kárxanalar sanı, birlikte

| | Kárxanalar sani | Jámine salıstırǵanda úlesi, % |
|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | **360** | **100** |
| *rayonlar:* | | |
| Ámudarya | 94 | 26,1 |
| Beruniy | 16 | 4,4 |
| Qaraózek | 1 | 0,3 |
| Kegeyli | 10 | 2,8 |
| Qońırat | 11 | 3,1 |
| Qanlıkól | 26 | 7,2 |
| Moynaq | 8 | 2,2 |
| Nókis | 12 | 3,3 |
| Taqıyatas | 28 | 7,8 |
| Taxtakópir | 8 | 2,2 |
| Tórtkúl | 34 | 9,4 |
| Xojeli | 16 | 4,4 |
| Shımbay | 5 | 1,4 |
| Shomanay | 3 | 0,8 |
| Ellikqala | 24 | 6,7 |
| Nókis q. | 64 | 17,9 |

2019 -jıl yanvar-noyabr aylarında 360 shańaraq kárxanalar jańadan ashilǵan. Ótken jıldǵa salıstırǵanda 2,1 esege kóp. Eń kóp jańadan ashilǵan shańaraq kárxanalar Amudarya rayonında (94), Nókis qalasında (64), Tórtkul (34) hám Taxiatash rayoninda (28) rayonları úlesine tuwrı keledi. Eń kem Qarao'zek (1), Shomanay (3) hámde Shimbay (5) rayonları ulesine tuwra keledi.

## 2019 -jıl yanvar-noyabr aylarında jańadan ashilǵan shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha úlesi, %




Jańadan ashilǵan shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xizmet túrleri kesiminde qaralǵanda olardıń 29,2 % yamasa 105 sanaat, 39,7 % yamasa 143 sawda, 17,2 % yamasa 62 jasaw hám awqatlanıw xızmetlerin, 3,3 % yamasa 12 awıl, orman hám balıq xojalıǵı, 1,4 % yamasa 5 qurılıs, 1,4 % yamasa 5 den sawlıqtı saqlaw jáne socialliq xızmetler kórsetiw, 0,3 % yamasa 1 tasıw hám saqlaw, 1,7 % yamasa 6 málimleme hám baylanıs hámde 5,8 % yamasa 21 i basqa xizmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

**Statistikalıq registrın júrgiziw bólimi**
**Tel.:71-230-82-23 (24)**